दिन–सोमवार दिनांक–14.04.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

कृतज्ञ राष्ट्र आइ भारतीय संविधानक निर्माता डॉक्टर भीम राव अम्बेदकर कँ हुनक जयंती पर श्रद्धापूर्वक याद कऽ रहल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला, राज्यसभाक उपसभापति हरिवंश, राज्यसभा मे सदनक नेता जे.पी.नड्डा, राज्यसभा मे विपक्षक नेता मल्लिकार्जुन खड़गे आओर लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी आइ संसद भवन परिसर मे डॉक्टर भीमराव अम्बेदकरक प्रतिमा पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू अपन संदेश मे कहलनि जे बाबा साहेब कतेको कठिनाई सभक बावजूद एकटा अलग पहिचान बनेलाह आओर पूरा दुनिया मे सम्मान अर्जित कएलाह। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे डॉक्टर अम्बेदकरक प्रेरणेक कारणे आइ देश समाजिक न्यायक सपना कँ साकार करबा मे समर्पित भाव सँ जुटल अछि। श्री मोदी कहलनि जे डॉक्टर अम्बेदकरक सिद्धांत आओर आदर्श सँ आत्मनिर्भर आओर विकसित भारतक निर्माण कँ मजबूति आओर गति भेटत।

---

एम्हर राजधानी पटना मे हाईकोर्ट लऽग स्थित डॉक्टर अम्बेदकरक प्रतिमाक समीप राजकीय समारोहक आयोजन कएल गेल। एहि ठाम राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समेत राज्य मंत्रीमंडलक कतेको सदस्य लोकनि बाबा साहेब के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

अम्बेदकर जयंतीक अवसर पर आइ प्रदेश मे समग्र सेवा अभियानक शुरूआत भेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटनाक अधिवेशन भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे अनुसूचित जाति आओर जनजाति समुदायक लोक सभ तक सरकारी योजना सभक लाभ पहुंचेबाक लेल एहि विशेष अभियानक शुरूआत कएलनि। श्री कुमार बाबा साहेब अम्बेदकर समग्र सेवा अभियानक तहत एस.सी–एस.टी सिविल सेवा प्रोत्साहन योजनाक छओ सय लाभुक सभकँ

एक मुश्त राशिक अनतरण कएलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा सेहो मौजूद छलाह।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर केन्द्रीय खेल मंत्री मनसुख मांडविया आइ **खेलो इंडिया यूथ गेम्स–दू हजार पच्चीसक** प्रतिक आओर शुभंकरक अनावरण कएलनि। शुभंकरक नाम **गजसिम्हा** राखल गेल अछि। एहि खेल सभक चारि सँ पंद्रह मई धरि पटना, राजगीर, गया, भागलपुर आओर बेगूसराय मे आयोजन हेबाक अछि। मुख्यमंत्री सचिवालयक संवाद भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ दरभंगा मे रेडक्रॉस भवनक निर्माण कार्यक आधारशिला रखलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे रेडक्रॉस सोसाइटी मानवीयताक सेवाक लेल निरंतर कार्य करैत रहल अछि। ओ कहलनि जे सोसाइटीक अपन भवन भेला सँ क्रियाकलाप सभ मे तेजी आओत। एहि अवसर पर राजस्व आओर भूमि–सुधार मंत्री संजय सरावगी सेहो मौजूद छलाह।

———————————————————————

राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टीक अध्यक्ष पशुपति कुमार पारस कहलनि जे हुनक पार्टी बिहार विधान सभा चुनाव मे सभटा दू सय तैंतालीस सीट पर चुनाव लड़बाक लेल तैयार अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बातचीत मे श्री पारस कहलनि जे जाहि गठबंधन मे हुनका उचित सम्मान भेटत ओ हुनका संग जयबाक लेल तैयार छथि।

———————————————————————

मौसम विभाग आइ सीतामढ़ी, मधुबनी, शिवहर आओर राज्यक पूर्वी हिस्सा सभमे कतेको स्थान सभ पर पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ तेज हवा चलबाक पूर्वानुमान जतएलक अछि। एहि दौरान मेघगर्जन आओर वज्रपातक सेहो चेतावनी जारी कएल गेल अछि। ओतहि, राज्यक पश्चिमी आओर दक्षिण–मध्य भाग सभ मे चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ तेज हवा चलबाक आओर मेघगर्जन एवं वज्रपातक

चेतावनी जारी कएल गेल अछि। विभाग किछु स्थान सभ पर हल्का बरखा हेबाक सेहो पूर्वानुमान जतएलक अछि।

————————————————————————

आइ लोक पर्व जुड़ि शीतल अछि। मिथिला मे मनाएल जायबला जुड़ि शीतल पर्व मैथिल पंचांगक नव वर्षक प्रारंभ अछि। पूरा प्रदेश मे एहि पर्व के लोक खुशी आओर उत्साहक संग मना रहल छथि। एहि अवसर पर सत्तू आओर आमक टीकुलाक चटनी खएबाक परंपरा अछि। ई पर्व जल संरक्षण, पर्यावरण संरक्षण आओर पारिवारिक समरसता पर जोर देल जाएत अछि। ई पर्व गर्मी सँ राहत आओर अन्न–धनक प्राप्तिक प्रतिक अछि।

————————————————————————

पटनाक गांधी मैदान थाना क्षेत्रक पिरमुहानीक समीप देर राति एकटा आरा मशीन मे आगि लागि जएबाक कारणे लगभग एक करोड़ मूल्यक लकड़ी जरि कऽ नष्ट भऽ गेल। फायरबिग्रेडक तीस टा गाड़ी सभक मददि सँ आगि पर काबू पाओल गेल।

————————————————————————

समाप्त